


ANSANM, NOU SE GR

2022

2027



PLAN
ESTRATEGIK

www.crk12.org

Mesaj ki soti bò kote lidèchip distri a



Jessica Marelli
Prezidan Konsèy



Dr. Christine Alois
Direktris Jeneral

Se yon privilèj pou nou pou n prezante w plan estratejik Distri Lekòl Caesar Rodney an. Etidyan, paran, estaf lekòl la,

manm kominote ak biznis te pase anpil èdtan ansanm pou kreye etid konplè sa a sou bezwen, priorite, ak valè distri a. Nou espere dokiman sa a pral mennen distri nou an nan direksyon yon lavni ki gen siksè ak pwosperite.

Plan estratejik sou 5 ane sa a se yon “dokiman an pwogrè” ki pral evolye pandan n ap travay ansanm pou rann pwosesis edikatif, pwofesè, ak enfrastrikti ki meyè nan eta a. Katòz (14) kanpis lekòl Caesar Rodney yo tout gen nesesite ak kalite diferan ki rann yo inik. Pwosesis nou an pral rekonèt aktif espesyal sa yo pandan n ap defini objektif ak etabli priorite solid pou siksè. Nou eksite pou devlope relasyon travay itil (ak amitye!) ak tout moun pandan n ap bouje pou n aplike eleman ki nan dokiman enpòtan sa a.

**ANSANM,
NOU SE GR**

Tab Matyè

Pwosesis Planifikasyon estratejik	2
Nou se CR	4
Demografi & Done	5
Pòtrè yon Rider (kavalye)	8

Objektif

Satisfè bezwen timoun lan globalman	
10	

Ofri ekite edikatif pou tout etidyan	
11	

Investi nan ak Responsabilize moun nou yo	
	12

Ranfòse aliyan pwogram, etablisman, ak resous	
	13

Sipòte kominote gandan Caesar Rodney an	
	14

Lekòl nou yo	
	15


Apresyasyon nou	
	16



Pwosesis Planifikasyon Estratejik

Kreyasyon Plan Estratejik Distri Lekòl Caesar Rodney (Caesar Rodney School District, CRSD, an anglè) te yon efò onivo kominote a anba lidèchip yon komite ki gen 35 endividé ki reprezante etidyan, pwofesè, paran, anplwaye sipò, administratè, anplwaye biwo santral, ak lidè antrepriz. Komite a te rankontre plizyè fwa pandan denye mwa ki sòt pase yo pou analize opinyon patnè, rezulta 1500 sondaj, rechèch, ak done pou yo ka devlope kontni premye vèsyon a . Se 15 gwoup diskisyon ki te analize kontni an epi yo te ofri reyakson ak fidbak.

Yo te itilize fidbak la pou reyalize revizyon ak rekòmandasyon bay Konsèy Edikasyon CRSD an. Konsèy la ak Direktè Jeneral la ta renmen remèsyé manm komite a pou tan, efò, ak devouman yo nan pwosesis planifikasyon ak distri a.



Pwosesis Planifikasyon atravè chif yo



35

Manm
Komite



15

Gwoup
disiksyon



6

Rankont Komite Òganizasyon



1,500

Rezulta
Sondaj




Nan lane 1916, Distri Lekòl Caesar Rodney te sèvi 99 etidyan, nan klas 1-12, nan yon nouvo bildin ki te konstwi ki te prezante 12 sal ak twa etaj. Jodi a, plis pase 8,200 timoun ale nan youn nan 14 lekòl nou yo. Yon lekòl segondè, kat lekòl premye sik segondè, sèt lekòl primè, John S. Charlton School, ak yon sant edikasyon preskolè akeyi etidyan chak jou. Soti nan fwontyè eta a pou ale nan bè a, vil Camden, Wyoming, Magnolia, Woodside, Marydel, baz lame aeryen nan Dover, ak zòn ki pa enkòpore nan Konte Kent, ak pòsyon sid nan Dover konpoze popilasyon distri a.

Atravè Chif yo



8.2K+
Etidyan



14
Lekòl



6
**Pri Nasyonal Lekòl
Riban Ble**

Reyalizasyon onivo etidyan ak anplwaye nou yo varye ak imans. Caesar Rodney te ranpòte sis (6) prim Nasyonal Lekòl Ribon Ble; de (2) prim nasyonal Ribon Vèt; ansyen Pwofesè Ane a pou eta a; pri pou direktè onivo eta ak nasyonal; chanpyona ekip espò; chanpyon kizin nasyonal; pwogram aktivite atistik ak pèfòmans ki resevwa prim; imèsyon nan Espayol ak Chinwa pou lekòl primè ak premye sik segondè; ak plis, plis bagay toujou!


Yo rekonèt Distri Lekòl Caesar Rodney akoz relasyon solid li genyen ak zòn awwazinant lan. Manm kominate a souvan idantife tèt yo kòm yon pati nan fanmi CR lan. Lè nou travay nan fason rapwoche ak kominate a, nou anmezi pou n ofri edikasyon bon kalite, eksperyans, ak opòtinite pou etidyan nou yo.

Demografi & Done



12.6

Etidyan
pa pwofesè



300

Etidyan
pa administratè



16.3%

Etidyan
Ki gen andikap



45.2%

Etidyan a revni ki ba



86.3%

Prezans chak jou
(2021 data)



5.2%

Etidyan ki pale
plizyè lang




88.5%

Pousantaj
gradyasyon

Demografi Etidyan yo



CAESAR RODNEY



Misyon

Distri Lekòl Caesar Rodney konpoze de endividé ki fyè ak pasyone ki devwe pou sèvi yon kominote divèrsifye pandan y ap prepare etidyan pou reyalize potansyèl akademik, sosyal, ak emosyonèl yo.

Vizyon Nou

Distri Lekòl Caesar Rodney angaje l pou l kreye yon kominote edikatif sekirize, ekitab kote chak etidyan santi yo apresye l, sipòte l, teste l, ak respekte l.



Valè Fondamantal

Kominote Rider a apiye yon seri valè fondamantal solid ki dirije kilti nou ak aksyon nou nan sans pou n asire chak Rider (kavalye) jwenn aksè ak opòtinite.

- Nou angaje nou pou n **mete etidyan yo an premye pozisyon nan priz desizon nou yo** ak sèvi kominote nou an **sou yon baz respè ak onètete reyèl**.
- Nou selebre **divèsite kominote nou an lè** nou asire nou chak etidyan resevwa resous ak sipò inik yo bezwen **pou yo briye nan lekòl ak nan lavi yo**.
- **Nou anbrase chak endivid ak vwa yo** pandan n ap ankouraje yon santiman apatenans ak enpòtans lè nou **rekonèt ak sipòte diferans ak pèspektiv yo**.
- Nou pote enèji pozitif nan travay ak nan lekòl nou yo pou nou ka **kreye yon anviwònman ki agreyab, sekirize, ak akeyan pou tout moun**.

TOGETHER, WE ARE CR



Espwa ak rèv mwen...

*se pou tout etidyan yo viv yon santiman apatenans,
enpòtans, ak lajwa pandan y ap pouswiv aspirasyon fiti yo.*

-Anonim



Pòtrè yon Rider (Kavalye)



Rezoud pwoblèm

Riders (kavalye) **utilize konpetans akademik yo, enjenyozite, inovasyon, ak kreyativite yo** pou takle nenpòt defi ki anfas yo.



Responsabilite

Riders pran yon apwòch ki gen yon sans solid nan kesyon objektif.
Sèvisil, etale, ak responsabilite.



Endependans

Riders demonstre kapasite, responsabilite, ak konpetans komunikasyon pou naviye mond yo an.



Detèminasyon

Riders gen **rezistans pou simonte** advèsite epi fè fas a baryè potansyèl sou wout siksè



Konpasyon

Riders se **moun ki gen konpasyon**

ki evalye tout ang nan yon defi ki valorize pèspektiv lòt moun anvan yo chache yon solisyon oubyen aji.



**Best
Wishes**

GR

Class of 2033



Satisfè Bezwèn timoun lan globalman



Nou konsantre sou byennèt fizik, sosyal, emosyonèl, ak konpòtmantal tout etidyan nou yo. Sa enkli sekirite lekòl ak kominate, sistèm sipò ki gen plizyè nivo (MTSS, an anglè) ansanm ak yon apwòch reparatè pou konstwi relasyon.

Estrateji Priyorite

- Ranfòse MTSS le nou aplike enstriksyon ak sipò Nivo1 atantif pou tout etidyan ak yon aksan sou Pratik enklizif
 - Konstwi relasyon sen ak pozitif pral premye etap nan vini yon distri ki plis reparatè.
 - Itilizasyon done nan yon fason regilye pral sipòte konpreyansyon nou ak konesans nou sou byennèt fizik, sosyal, emosyonèl ak konpòtmantal etidyan nou yo.
- **Ekzekite ak sipòte Kòd Kondwit la.**
 - Anplwaye, etidyan, ak kominate a pral vin pi familiye ak nouvo Kòd Kondwit la pou n kapab mete aksan sou enpòtans retabli relasyon pandan n ap responsabilize endividé yo pou aksyon yo.
- **Analize pwogram ak pozisyon aktyèl pou Sante Sosyal Emosyonèl ak Konpòtmantal (SEBH, an anglè).**
 - Yon evalyasyon sipò aktyèl yo ofri pral pwodwi direksyon pou bezwen pwogramasyon ak rekritman.
- **Itilize rezulta sondaj SEBH pou etidyan yo.**
 - Ekzekisyón ak itilizasyon sondaj SEBH pral ofri done itil pou gide desizyon pwogram ak rekritman.
- **Mizajou politik, Pratik ak enfrastrikti pou amelyore sekirite lekòl la.** ◦ Atravè patenarya ak divès ajans lokal, eta ak nasyonal, distri a ak lekòl yo pral kontinyèlman konsantre sou kenbe yon anviwònman lekòl ki sekirize.



Ofri Ekite Edikatif bay tout Etidyan

Objektif nou se asire nou ofri chak etidyan sipò ak resous nesesè pou l reyisi nan anviwònman aktyèl yo an epi briye nan mond andeyò Distri Lekòl Caesar Rodney a.

Estrateji priyорите

- **Ofri aksè ak opòtinite pou edikasyon bon kalite, yon anviwònman akademik serye, ak chwa pwogramasyon inovan.**
 - Elimine baryè pou pwogram, konsa tout etidyan yo ka patisipe ak asistans, si nesesè.
 - Rezèvè resous pou domèn ki gen pi gwo bezwen kritik nan distri a ak kontwole efikasite alokasyon sa yo.
 - Elajî enskripsyon pou preskolè.
 - Planifye ak ekzekite yon sant doub jenerasyon pou sipòte fanmi yo.
- **Evalye opòtinite aktyèl ak kreye opòtinite adisyonèl pou tout etidyan ka resevwa sipò nesesè pou yo epanouyi nan Distri Lekòl Caesar Rodney.**
 - Aplike epi kontwole Plan Ekite distri a.
- Ofri, fòme, ak ekzekite itilizasyon materyèl enstriksyon bon kalite pou sipòte akselerasyon ak reyalizasyon etidyan .
- Sipòte pwogram etid lejifere atravè tout domèn kontni yo.
- Evalye ak amelyore opsyon Karyè ak Edikasyon pwofesyonèl pou premye sik segondè ak lekòl segondè.
- Pwomouvwa ak anrichi opòtinte pou etidyan patisipe nan aktivite atistik ak atletik.


Objektif

Investi nan Ak Responsabilize Moun nou yo

Nou kiltive relasyon solid ak anplwaye nou yo pou sipòte endividé kòm manm enpòtan nan distri an. Sa enplike tandem anplwaye yo epi reponn a bezwen espesifik yo.

Estrateji Priyrite

- Angaje nan Rekritman estratejik ak efò retansyon.
 - Rekrite ak kenbe estaf ki reflete demografi distri ak komunitate a.
 - Ofri opòtinite kontini pou mentora ak antrenman pou ranfòse sans koneksyon ak relasyon pozitif lakay anplwaye yo.
- Pwogram devlope, kreye pwop afè pa w.
 - Asiste endividé ki déjà nan pwofesyon an pou yo atenn lisans anseyman.
 - Entwodwi etidyan nivo segondè nan domèn Edikasyon.
 - Entwodwi etidyan nivo segondè nan domèn Edikasyon vityèl
- Investi nan pwogram chemen lidèchip pou lidèchip administratif nan distri a .
 - Sipòte edikatè ki swete vin administratè lè nou ofri opòtinite aprantisaj pwofesyonèl ak estaj.
- Ofri developman pwofesyonèl kontini, bon kalite ak sible pou tout anplwaye, sa enkli administratè yo.
 - Ofri opòtinite valid pou anplwaye yo angaje ak resous epi pwogram etid pou yo kontinye grandi pwofesyonèlman.



Ranfòse Aliyman Pwogram, Edifis, ak Resous

Nou pral kontinye analize pwogramasyon nou an epi utilize edifis nou yo ak resous nou yo pou satisfè bezwen distri grandisan nou an. Sa enkli komunikasyon klè ak konstan bay kominote a.

Estrateji priorite

- **Analize ak detèmine itilizasyon estratejik edifis ak anplwaye pou sipòte pwogramasyon.**
 - Itilize enstalasyon nou yo po sipòte pwogramasyon inovan.
 - Evalye ak devlope enfrastrikti pou sipòte opòtinite bon kalite soti nan nesans pou rive nan laj 22 ane.
- **Amelyore opòtinite enklizyon pou anplwaye ak etidyan Caesar Rodney.**
 - Ankouraje yon anviwònman enklizif ak divèsifye pou pwomouvwa yon santiman apatenans pou tout anplwaye ak etidyan.
- **Evalye pwogramasyon imèsyon ak milti-leng pou moun k ap aprann.**
 - Revize estrikti pwogram aktyèl pou pèmèt reorganizasyon ak elajisman fiti pou opòtinite lang.
- **Kontinye devlope ak aplike estrateji pou redwi/elimine pwoblèm transpò.**
 - Revize atout ak Pratik aktyèl pou maksimize sèvis akoz bezwen transpò ki ogmante.
- **Revize ak mete ajou enfrastrikti teknoloji edikasyon epi planifye pou kontinye inisyativ 1:1 an.**
 - Asire aksè egal pou etidyan ak anplwaye pou angaje nan aprantisaj atravè teknoloji depwent.
 - Ofri yon aparèy bay chak etidyan pou satisfè inisyativ 1:1 an.
- **Konstwi ak sipòte yon estrikti pou alfabetizasyon anviwònmantal.**
 - Devlope yon apwòch sistemik ak siyifikatif pou alfabetizasyon anviwònmantal nan Distri Lekòl Caesar Rodney an.
 - Elajî itilizasyon espas ekstèn nan tout kanpis lekòl yo.
- **Evalye sous finansman aktyèl ak fiti pou sipòte kwasans ak ekspansyon.**
 - Konsidere finansman aktyèl onivo eta ak lokal, menm jan ak opòtinite sibvansyon, pou apiye divès eleman nan plan estratejik sa a.



Sipòte Kominote Grandisan Caesar Rodney Nou an

Chak ane, novo Riders (kavalye) ap rejwenn fanmi Caesar Rodney an. Tout manm kominote nou an gen opòtinite pou yo patisipe aktivman nan inisyativ distri a ak pwosesis priz desizyon an.

Estrateji priyore

- Elimine baryè komunikasyon pandan n ap elve vwa tout manm kominote a.
 - Distri a ak lekòl la pral ofri opòtinite pou etidyan, anplwaye, ak manm kominote a angaje nan konvèsasyon regilye ki konsantre sou inisyativ distri a ak priz desizyon.
- Devlope ak elaji relasyon ak patnè kominote ak antrepriz.
 - Ankouraje patenarya ak manm kominote nan divès inisyativ lekòl ak distri a.
- Ogmante komunikasyon ak transparans.
 - Distri a pral kreye yon pwotokòl pou komunikasyon atravè lekòl yo pou amelyore transparans ak angajman patnè yo.



Caesar Rodney High School

239 Old North Road, Camden-Wyoming, DE
www.crk12.org/crhs

Dover Air Base Middle School

3100 Hawthorne Drive, Dover, DE
www.crk12.org/abms

Fred Fifer III Middle School

109 East Camden-Wyoming Avenue, Camden, DE
www.crk12.org/fms

Magnolia Middle School

133 Thomas More Drive, Magnolia, DE
www.crk12.org/mms

F. Niel Postlethwait Middle School

2841 South State Street, Camden, DE
www.crk12.org/pms

Allen Frear Elementary School

238 Sorghum Mill Road, Camden, DE
www.crk12.org/afes

W. Reily Brown Elementary School

360 Webbs Lane, Dover, DE
www.crk12.org/brown

David E. Robinson Elementary School

1038 Briarbush Road, Magnolia, DE
www.crk12.org/robinson

W. B. Simpson Elementary School and Intensive Learning Center

5 Old North Road, Camden-Wyoming, DE
www.crk12.org/simpson

Star Hill Elementary School

594 Voshells Mill/Star Hill Road, Dover, DE
www.crk12.org/starhill

Nellie H. Stokes Elementary School

3874 Upper King Road, Dover, DE
www.crk12.org/stokes

Major George S. Welch Elementary School

3100 Hawthorne Drive, Dover, DE
www.crk12.org/welch

John S. Charlton School

278 Sorghum Mill Road, Camden, DE
www.crk12.org/charlton

J. Ralph McIlvaine Early Childhood Center

11 East Walnut Street, Magnolia, DE
www.crk12.org/mecc



Apresyasyon Nou

Nou ta renmen remèsyé manm kominote CRSD a paske yo pran tan pou yo sèvi nan komite pilotaj la. Kapasite yo pou yo kolabore epi reprezante vwa gwoup patnè yo te reprezante yon pati entegral nan devlopman plan sa a. Nou ta renmen remèsyé tou plizyè santèn endividé ki te ranpli sondaj ak/oubyen patisipe nan youn nan gwoup diskisyón yo. Nou kwè nou soutni vwa nan kominote nou an.

Pandan n ap mete plan an an aksyon, nou pwomèt pou n kontinye angajman nou ak komite pilotaj la ansanm ak kominote a anjeneral pou pataje pwogrè nan sans priorité yo.



**ANSANM,
NOU SE GR**

